

SOAL UTS 1 SMP/MTS BAHASA SUNDA KELAS VIII

I. PILIHAN GANDA

Bacaan pikeun soal no 1--3

Sunda Tandang

Yasana: Yayat Hendayana

Geura tabeuh goong maneh jalu
Ngadu handaru jeung sora goong nu lian
Malar batur nyarahoeun
Hidep teh geuning teu pireu

Lain mangsana
Urang ngadedempes hees
Dina wanci kudu nyaring
Lain wayah urang leah
Balap mandeurikeun maneh
Majar teh da lain eleh

Tong katalikung ku tukang
Mangsa diancang ku tambang
Beunang ngarara sorangan
Hese incah hese lengkah
Di cangreud ku sarwa ulah
Akon-akon adi luhung

Geura tabeuh goong maneh, jalu
Geus mejhna nepak dada
Baheula di carek soteh
Keur jaman silih eledan
Ayeuna mangsana tandang
Nu cicing wayahna nyisi

PUAH!

Geura teuneung geura ludeung
Geura nyora sing pertentang
Anjeun mah lain bagejid, jalu
Tapi jangkrik siap tarung,
PRUNG!

1. Dina sajak di gigir aya kecap “pertentang” anu ngandung harti....
 - a. **Tarik jeung jelas**
 - b. kudu laun
 - c. tong soraan
 - d. asal waé
2. “Lain mangsana urang ngadedempés héés” Ungkara di gigir nuduhkeun yén...
 - a. waktuna urang saré
 - b. loba jalma anu keur héés
 - c. **waktuna urang tampil jeung mintonkeun kabisa**
 - d. geus sakuduna urang ngéléhan, keun wé batur anu maju mah
3. Kacindekkan tina eusi sajak di gigir, nya éta urang sunda...
 - a. mah éléhan
 - b. teu kudu bisa nanaon
 - c. kudu ngomong sakarepna
 - d. **kudu sagala bisa jeung gedé kawani**
4. Sarupaning lagu nu rumpakana teu kauger ku gurulagu jeung guru wilangan biasa mibanda wirahma nu angger/tangtu, nya éta....

- a. Pupuh c. Sawér
b. Tembang d. **Kawih**
5. Debat téh dina seuhseuhanana silihasongeun pamadegan pikeun neangan bebeneran. Tah porum debat dina basa Sunda sok di sebut...
- a. gempungan c. ngobrol
b. **gotrasawala** d. adu renyom
6. Jumlah engang dina sapadalisan disebut....
- a. Juru lagu c. Juru Kawih
b. Gurulagu d. **Guru wilangan**
7. Sedengkeun sora Vokal dina tungtung padallisan disebut...
- a. Juru lagu c. **Gurulagu**
b. Juru Kawih d. Guruwilangan
8. Anu ka asup pupuh sekar ageng, nya eta *iwal*...
- a. Kinanti c. Asmarandana
b. Sinom d. **Magatru**
9. Peserta dina diskusi disebut.....
- a. **pamilon** c. penata acara
b. moderator d. MC
10. Dihandap ieu nu bisa dijadikeun laporan lalampahan, *iwal* ti lalampahan...
- a. Ngalalana c. wisata/hiburan
b. Kadinesan d. **riwayat panyakit**
11. *Sing getol nginum jajamu*
Nu guna nguatkeun urat
Sing getol neangan ilmu
Nu guna dunya aherat
Sisindiran di luhur di wangun padana..
- a. **4** b. 2 c. 8 d. 6
12. Jajaran kahiji jeung ka dua di sebut
- a. **cangkang** c. eusi
b. sindir d. Wangsal
13. Jajaran katilu jeung ka opat di sebut.....
- a. **eusi** c. sindir
b. cangkal d. Wangsal
14. Upama ditilik tina eusina sisindiran di luhur teh nyaeta
- a. heureuy c. cinta
b. **papatah** d. gumbira
15. Sarupaning lagu nu rumpakana kauger ku gurulagu jeung guru wilungan biasa mibanda wirahma nu teu angger/tangtu, nya éta....
- a. Pupuh c. Sawér
b. **Tembang** d. Kawih
16. Dina kawih aya istilah *rumpaka*, anu hartina..
- a. **kecap-kecap pinilih anu dipaké dina tembang atawa kawih**
b. nyanyi lagu-lagu kawih ku cara babarengan
c. nyusun rumpaka maké patokan pupuh
d. nyanyi lagu-lagu kawih ku saurang
17. “Salajengna ku sim kuring badé diwatesan, mung kanggo genep urangeun. Tina nu genep urang téa, urang bagi dua, janten tiluan-tiluan. Saha-saha nu kagiliran saurang, engkéna paling lami lima menit”.
Kekecap di luhur téh kaasup dina conto diskusi....
- a. muka diskusi b. ngahaturan pangjejer
c. nutup diskusi d. **ngatur jalanna diskusi**
18. *Ka kulah nuar kapiting*
Ngocok endog bobodasna
Ulah sok liar ti peuting
Osok loba gogodana

Mun ditilik tina eusina, sisindiran di luhur ngébréhkeun...
- a. silih asih c. **piwuruk**
b. sesebred d. banyol

19. Karangan anu di tulis dina wangun pupuh disebut....
 a. wacana **b. wawacan**
 b. wawaran d. carpon

Soal pikeun nomer 20 – 23

Pupuh.....

*Hé barudak kudu mikir ti leuleutik
 Manéh kahutangan
 Ku kolot ti barang lahir
 Nepika ayeuna pisan*

20. Jumlah guru wilangan dipadalian kadua, nya éta....
 a. 5 **b. 6** c. 7 d. 8
21. Guru lagu padalian kadua jeung katilu nya éta...
 a. i & a b. i & i **c. a & i** d. a & a
22. Ditilik tina aturan guru lagu jeung guru wilanganana, pupuh diluhur téh nya éta pupuh....
 a. **maskumambang** c. pucung
 b. magatru d. sinom
23. Dina sawér aya barang-barang anu sok diawurkeun ku juru sawér, diantaranya...
a. Béas, konéng, peremén, duit
 b. Béas, payung, konéng, duit
 c. Menyan, konéng, kembang, duit
 d. Béas, seureuh, peremén, kembang
24. Saruana atawa padeukeutna sora-sora di unggal padalian sajak atawa kawih disebut...
 a. **purwakanti** c. susasana
 b. purwadaksi d. nada lagu
25. *Barang penting keur di dapur*
Di dapur keur nyieun opor
 (...)
 Eusi / wangsul anu merenah pikeun ngajawab wawangsulan di luhur nyaéta..
 a. Péso c. boboko
 b. **kompur** d. talenan
26. Pancén moderator dina sawal nyaéta...
 a. nyatet ngaran-ngaran anu méré tanggapan keur lumangsungna sawala
 b. méré saran kana lumangsungna sawala ti mimiti nepi ka réngsé
 c. nuliskeun hal-hal penting dina sawala ti mimiti nepi ka réngsé
d. ngatur lumangsungna sawala ti mimiti nepi ka réngsé

Wacana pikeun soal nomer 27-30

WAWACAN LUTUNG KASARUNG

Ayeuna anu kacatur, aya nagara anu mukti, nyaéta pasir batang téa, kamashur kamana-mendi, rajana geus palay tapa, milari saha keur ganti.

Putrana téh aya tujuh, sadaya istri geulis, anu cikala Purbalarang, Kancana jeung Purbamanik, Déwata jeung Purba Èndah, Purbaleuwih, Purbasari.

Ti antara putri tujuh, Purbasari nu kapilih, saé kalakuanana, lemes basa luhur budi, atuh rakana nu cikal, Purbalarang bendu galih.

Anu sanés ogé kitu, mikangéwa Purbasari, kajaba aya saurang, nyaéta Purbaleuwih, ka Purbasari mihéman, tara ngiring nganyenyeri.

27. Tina sempalan wawacan di luhur, bisa katitén, yén Purbasari téh...
 a. adigung **c. lemes basa**
 b. kasar basa d. goreng budi
28. Latar tempat anu aya dina cutatan wawacan “Lutung Kasrung” nyaéta...
 a. yeuna c. alam dunya
 b. **pasir batang** d. tempat tapa
29. Katerangan anu luyu /sesuai jeung sempalan wawacan diluhur nyaéta iwal...

- a. kabeh putri mikahéman Purbasari
 - b. Purbaleuwih nyaah ka Purbasari
 - c. Pasir batang nagara mukti
 - d. Purbalarang putri anu cikal
30. “Sim kuring kirang panuju kana pendapat saderak!” kecap serepan dina kalimah diluhur aya dina kecap...
- a. pendapat c. simkuring
 - b. kirang d. saderék

II. URAIAN

Jawab pananya jeun panitah di handap kalayan singget tur jelas!

1. Sebutkeun Pupuh anu ka asup sekar ageung !
2. Rengsékeun paparikan dihandap ieu !
Cau naon cau naon
Cau kulutuk nu di juru

3. Jelaskeun naon nu disebut Wawacan téh ?
4. Kawih nyaéta bagian tina kaseinan Sunda anu diwangun ku dua unsur, nyaéta....
5. Sebutkeun tilu contoh kawih anu dinyahokeun ku hidep !

**KUNCI JAWABAN SOAL ULANGAN TENGAH SEMESTER
 MATA PELAJARAN BAHASA SUNDA
 KELAS VIII
 TAHUN PELAJARAN 2015-2016**

I. PILIHAN GANDA

- | | | | |
|-----|---|------|------|
| 1. | A | 11.A | 21.C |
| 2. | C | 12.A | 22.A |
| 3. | D | 13.A | 23.A |
| 4. | D | 14.B | 24.A |
| 5. | B | 15.B | 25.B |
| 6. | D | 16.A | 26.D |
| 7. | C | 17.D | 27.C |
| 8. | D | 18.C | 28.B |
| 9. | A | 19.B | 29.A |
| 10. | D | 20.B | 30.A |

II. ESSAY

1. Pupuh nu kaasup sekar ageung nyaéta : Pupuh Kinanti, Pupuh Sinom, Pupuh Asmarandana, Pupuh Dangdanggula.
2. *Bau naon bau naon*
Bau hitut nu di juru
3. nyaéta jenis karya sastra (boh fiksi atawa non-fiksi) atawa dongéng Sunda nu wangunna nuturkeun pola atawa aturan pupuh.
4. Unsur seni musik jeung unsur seni sastra
5. Kawih Karatagan Sunda, Bandung, Kembang asih. (gumantung jawaban siswa)